

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj),
Jean-Robert Duré Placide, Jobnel Pierre

(2021)

“Pou nou savalouwe
Maximilien Laroche,
nan rèv pou rebâti
literati ayisyen an.”

Collection “Études haïtiennes”

LES CLASSIQUES DES SCIENCES SOCIALES
CHICOUTIMI, QUÉBEC

<http://classiques.uqac.ca/>



<http://classiques.uqac.ca/>

Les Classiques des sciences sociales est une bibliothèque numérique en libre accès, fondée au Cégep de Chicoutimi en 1993 et développée en partenariat avec l'Université du Québec à Chicoutimi (UQÀC) depuis 2000.

UQAC

<http://bibliotheque.uqac.ca/>

En 2018, Les Classiques des sciences sociales fêteront leur 25^e anniversaire de fondation. Une belle initiative citoyenne.

Politique d'utilisation de la bibliothèque des Classiques

Toute reproduction et rediffusion de nos fichiers est interdite, même avec la mention de leur provenance, sans l'autorisation formelle, écrite, du fondateur des Classiques des sciences sociales, Jean-Marie Tremblay, sociologue.

Les fichiers des Classiques des sciences sociales ne peuvent sans autorisation formelle:

- être hébergés (en fichier ou page web, en totalité ou en partie) sur un serveur autre que celui des Classiques.
- servir de base de travail à un autre fichier modifié ensuite par tout autre moyen (couleur, police, mise en page, extraits, support, etc...),

Les fichiers (.html, .doc, .pdf, .rtf, .jpg, .gif) disponibles sur le site Les Classiques des sciences sociales sont la propriété des **Classiques des sciences sociales**, un organisme à but non lucratif composé exclusivement de bénévoles.

Ils sont disponibles pour une utilisation intellectuelle et personnelle et, en aucun cas, commerciale. Toute utilisation à des fins commerciales des fichiers sur ce site est strictement interdite et toute rediffusion est également strictement interdite.

L'accès à notre travail est libre et gratuit à tous les utilisateurs. C'est notre mission.

Jean-Marie Tremblay, sociologue
Fondateur et Président-directeur général,
[LES CLASSIQUES DES SCIENCES SOCIALES.](#)

Un document produit en version numérique par Jean-Marie Tremblay, bénévole,
professeur associé, Université du Québec à Chicoutimi
Courriel: classiques.sc.soc@gmail.com
Site web pédagogique : <http://jmt-sociologue.uqac.ca/>
à partir du texte :

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj), Jean-Robert Duré
Placide, Jobnel Pierre

**“Pou nou savalouwe Maximilien Laroche, nan rèv pou rebâti literati
ayisyen an.”**

In ouvrage sous la direction de Zilà Bernd, Bernard Andrès et Vinesh Y.
Hookoomsing, *D’Haïti aux trois Amériques. Hommage à Maximilien
LAROUCHE*, pp. 151-166. In section “Études, Haïti : le poids des mots, de
l’oraliture et de la langue haïtienne. Québec : Groupe de recherche sur les
littératures de la Caraïbe (GRELCA), 2021, 330 pp. Collection : “Essais”, no 22.

La direction du GRELCA nous a accordé le 12 janvier 2022 son autorisation
de diffuser en libre accès à tous ce livre dans Les Classiques des sciences sociales.



Courriels : GRELCA: grelca@sympatico.ca
Zilà BERND: Zila.bernd@unilasalle.edu.br,
Bernard Andrès: andres.bernard@uqam.ca,
Vinesh Y. Hookoomsing : vinesh.hookoomsing@gmail.com.

Police de caractères utilisés :

Pour le texte: Times New Roman, 14 points.

Pour les notes de bas de page : Times New Roman, 12 points.

Édition électronique réalisée avec le traitement de textes Microsoft Word 2008
pour Macintosh.


Mise en page sur papier format : LETTRE US, 8.5’’ x 11’’.

Édition numérique réalisée le 24 janvier 2022 à Chicoutimi, Québec.



Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj),
Jean-Robert Duré Placide, Jobnel Pierre

“POU NOU SAVALOUWE
MAXIMILIEN LAROCHE, NAN RÈV
POU REBÂTI LITERATI AYISYEN AN.”



In ouvrage sous la direction de Zilá Bernd, Bernard Andrés et Vinesh Y. Hookoomsing, *D'Haïti aux trois Amériques. Hommage à Maximilien LAROCHE*, pp. 151-166. In section “Études, Haïti : le poids des mots, de l’oraliture et de la langue haïtienne. Québec : Groupe de recherche sur les littératures de la Caraïbe (GRELCA), 2021, 330 pp. Collection : “Essais”, no 22.

Un grand merci à Madame Xin DU, bénévole des Classiques des sciences sociales, épouse de feu Maximilien Laroche, pour nous avoir révisé entièrement le texte numérique de ce livre afin que nous puissions en produire une édition numérique en libre accès à tous dans Les Classiques des sciences sociales.

jean-marie tremblay, C.Q.,
sociologue, fondateur
Les Classiques des sciences sociales,
Le 24 janvier 2022.

Note pour la version numérique : La numérotation entre crochets [] correspond à la pagination, en début de page, de l'édition d'origine numérisée. JMT.

Par exemple, [1] correspond au début de la page 1 de l'édition papier numérisée.

[151]

D’Haïti aux trois Amériques.
Hommage à Maximilien Laroche

ÉTUDES : HAÏTI

5

“Pou nou savalouwe
Maximilien Laroche,
nan rèv pou rebâti literati ayisyen an. ¹”

Michel-Ange HYPPOLITE
Jean-Robert Duré PLACIDE
Jobnel PIERRE

Résumé en français

Titre de l’article :
Pour rendre hommage à Maximilien Laroche,
dans l’accomplissement de son rêve
pour une nouvelle littérature haïtienne

Sur le plan de la critique, rares sont les littérateurs, haïtiens ou étrangers, qui ont accordé une place de choix à la littérature nationale d’Haïti en *ayisyen*, dans leurs travaux de recherche. Maximilien Laroche est le premier critique qui ait accordé une place de prédilection à l’oraliture d’Haïti ainsi qu’à la littérature créole dans ses travaux. Il s’en est servi dans ses réflexions littéraires ou philosophiques. Il a même développé un modèle de poétique créole pour démontrer le passage de l’oraliture à l’écriture. D’ailleurs, ses œuvres critiques aussi bien que sa production poétique en *ayisyen* en témoignent.

¹ Nou di Manno Ejèn ak Gary Daniel mèsì pou patisipasyon yo nan travay refleksyon pou nou prepare omaj sa a.

[152]

Dans cet article, nous voulons, à partir des documents écrits par Maximilien Laroche, mettre en relief la conviction et l’engagement de ce chercheur à l’égard de l’avènement d’une littérature haïtienne en langue « *ayisyen* » et du coup lui rendre un vibrant hommage.

Dans un premier temps, après une description rapide de la diglossie littéraire de l’époque, nous démontrerons la position prise par Maximilien Laroche du point de vue de l’idéologie littéraire et linguistique à Haïti.

Dans un deuxième temps, nous nous servirons de ses actions et de ses œuvres écrites pour démontrer son engagement tant sur le plan communautaire que littéraire. C’était sa façon, à titre de critique littéraire, de relier la littérature haïtienne à nos racines culturelles et à la langue créole, qu’il appelle « *ayisyen* ».

Pour conclure, nous proposerons à Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) de rendre un hommage public au chercheur Maximilien Laroche et de créer un prix Maximilien Laroche pour la critique écrite en créole.

Entwodiksyon

Literati kreyòl Ayiti a koumanse apre Lendepandans, lè sanba François Romain Lhérisson pibliye rekèy *Chansons créoles* li yo, Okay, an 1819. Epi, li louvri zèl li tout bon apati ane 1950 yo, avèk zèv Felix Morisseau-Leroy epi Frank Fouché nan ane 1953. Sepandan, nan epòk sa a, divès tèks kritik literè yo ak liv klasik yo sou literati Ayiti a pa te vrèman analize ni prezante zèv otè ayisyen ki te pibliye nan lang kreyòl la. Duraciné Vaval, nan *Littérature haïtienne ou L’âme noire* (1933), mansyone chante kreyòl sanba François Lhérisson yo, men li pa te fè okenn kritik literè sou tèks kreyòl yo. Nou te oblije tann jouk nan finisman ane 1960 yo, pou yon literatè ayisyen, tankou Maximilien Laroche, nan *Haïti et sa littérature* (1963), *L’Haïtien* (1968), te depoze jèb flè onè respè pou premye ekriven kreyòl nou yo, anndan literati kreyòl ayisyen an.

Depi 1963, apati Maximilien Laroche pou literati nasyonal kreyòl [153] Ayiti a te rete tennfas. Li te kontribye san rete nan refleksyon pou li te kore literati nasyonal ayisyen an, avèk yon baz teyorik ki pran rasin

nan oralti peyi a. Se tankou zonbi te goute sèl. Vwèlta Maximilien nan espas oralti peyi a vin louvri zye li sou min konesans natif natal, savwa natirèl, ki te toujou la ap tann yon pitit peyi a mete yo alonè toupatou sou latè. Nan liv li a, *Se nan chimen jennen yo fè lagè* (2007), li te ekri : « *Metye m se literatè, m pa espesyalis ni nan syans politik, ekonomik, sosyolojik o matematik. Kòm oralitè-literatè ayisyen, m ap reflechi sou pwovèb, blag, chante, kont, zen, teledjòl, woman, powèm, tout bagay konsa.* » (2007, p. 41)

Ak zèw kreyòl li yo, ki louvri chan kritik literati kreyòl Ayiti a, an kreyòl, Maximilien te montre aklè, li se yon Atibon Legba ak yon rèv san parèy. Yon Ogoun nasyonal, nou kòmanse glorifye jounen jodi a, men ki dwe rete tou limen kòm modèl pou tout lòt literatè ayisyen ki nan wout. Se yon fason pou yo toujou sonje, pyès moun pa dwe janm retire trip pou yo mete pay.

Se travay eksepsyonèl pou rebati literati ayisyen an, ki parèt ni an kreyòl ni an franse nan pwodiksyon literè Maximilien Laroche yo, nou panse ki merite gwo selebrasyon. Nou ap pwofite okazyon an pou nou demontre enpòtans yo nan avènman reyalyte rèv Maximilien an, kote yo kanpe dyanm tankou bèl kolòn nan konstriksyon katedral literè ayisyen an. Pi plis toujou, nou kab di, yo se baz fezans peristil literè kreyòl ayisyen an.

I. Atmosfè ideyolojik epòk la sou Maximilien Laroche

Nan ane 1930 yo, epòk Maximilien Laroche te fèt la, sou prezidan Sténio Vincent, nan peryòd finisman Lokipasyon ameriken, se te moman batay kiltirèl ant Lafrans ak Lèzetazini, san bliye Lalmay tou, pou yo byen chita pouwa sosyokiltirèl yo sou Ayiti. Distans pou Maximilien rive nan inivèsite, Fransè ak lang franse te gentan fin awoyo nan tout nivo ansèyman an Ayiti. Nan kontèks sosyopolitik peryòd la, lespri franse ki nan « *L'Union française* » (1946) la te ap twoke kòn ak lespri ameriken ki anba labanyè « doktrin Monroe » a, sou po do Ayiti. Devan difikilte pou Repiblik franse a te jwenn pou li te foure Ayiti nan konsòsyòm li an, Lafrans te chwazi pou Ayiti jwe wòl « *un centre stratégique pour le rayonnement de la culture* [154]

française », selon akò 24 septanm 1945 la², yo te siyen avèk lelit dirijan Ayiti yo. Epi, Ayiti, pi prezizeman literatè lelit ayisyen yo tounen « flanbo » kiltirèl epi literè frankofòn, selon Price-Mars (1959), pou yo pote labanyè fransè a, nan Amerik la, anba bab Tonton Sam. Konsa, adefo « *L'Union française* », Ayiti entegre « *la francophonie* » / « *les francophonies* » ak tout monn frankofòn yo, tankou yon fachin literè inivèsitè pou klere lantèn istwa literè fransè a toupatou sou latè.

Lè Maximilien rantre nan lekòl segondè, atmosfè sa a te frape lespri li. Nan ansèyman literati li te suiv nan klas li te pase yo, se te sèlman literati fransè a yo te etidye. Kourikoulòm ministè Edikasyon nasyonal la pa te prevwa okenn kou Literati ayisyen. Ni tou, pa te gen okenn ekzijans pou gen analiz tèks ekri ki te ekri an kreyòl yo nan pwogram nan, ale wè pou yo ta gen literati nan lang kreyòl la. (Ofisyèlman, Leta ayisyen kòmanse anseye literati ayisyen an fransè a apati lwa 26 oktòb 1959 la.) Absans literati kreyòl la tèlman make Maximilien Laroche, depi lè sa a, kòm jèn literatè, li koumanse manifeste yon enterè pou gwoup ekri kreyòl yo, ansanm ak tèks kreyòl yo. Konsa, tou jenn, Maximilien koumanse egzèse talan kritik literè li, nan fè analiz tèks ekri majinal. « *Tout a commencé à l'école secondaire. Nous avons dans notre collège un cercle d'études dont la règle était que chacun devait, de façon régulière, présenter des exposés sur des sujets de son choix. J'ai voulu profiter de ce cadre pour étudier les auteurs haïtiens qui alors n'étaient pas au programme des écoles ni au baccalauréat.* »³

² Cf. Lachat, Thibault, « Auguste Viatte & Haïti (1939-1946) », Documents pour l'histoire du français langue étrangère ou seconde, nos 40-41, 2008, mis en ligne le 17 décembre 2010, consulté le 30 novembre 2020, URL : [http://journals.openedition.org/dhfles/469].

³ « Maximilien Laroche, Critique et spécialiste en littérature comparée », se yon antrevi avèk Jobnel Pierre an 2007, ki repibliye nan *Le Nouvelliste*, 27 juillet 2017. Mwen li sou : [https://lenouvelliste.com/article/46277/maximilien-laroche-critique-et-specialiste-en-litterature-comparee].

Prezans 2 ideyoloji lengwistik epi literè opoze

Nan ane 1960 yo, lè Maximilien Laroche kòmanse pwodui sou plan literè, an 1963, li pral fè fas kare ak yon batay ideyoloji lengwistik epi literè, ki pral modifye metodoloji travay li.

[155]

Diglotte, la littérature haïtienne l’a donc été en vertu de cette nature de la littérature d’être une transformation de l’oral en écrit mais aussi en vertu de cette fonctionnalité arbitraire qui faisait d’une langue, l’haïtien, le véhicule de l’oral et d’une autre langue, le français, le mode de l’expression écrite. (M. Laroche, *Littérature haïtienne : identité-langue-réalité*, 1981, p. 11)

Konsa, yon kote, sou enfliyans patipri pou lang ak kilti franse a, tandans sèten ekriven nan epòk la se prensipalman pou yo ekri an franse. Onivo lengwistik, yo frankofòn, frankofil, yo poliglòt, men yo kreyolofòb ak prejije negatif yo sou kreyòl la. Pwodiksyon literè yo se rezilta esplwatasyon oralti kreyòl la nan zèv, yo ekri an franse. Literatè sa yo ki parèt apati 1970 yo, se bon eritye ideyal literè gwoup entèlektyèl frankofòn nan epòk anvan yo tou, ki te ap pwodui nan lide pou yo jwenn lonè *Académie française*, tankou powèt Etzer Vilaire, nan *Génération de la ronde* (1898-1915) lan, ki te jwenn lonè Akademi franse an 1912. Nou ta ka rasanble yo tankou yon gwoup ekriven ayisyen frankofòn, nasyonalis san di petèt, ki pataje yon menm patrimwàn ideyoloji literè, yon menm eritay ideyoloji lengwistik, yon menm diskou epilengwistik, depi 1836, paske pou yo, lang franse a se yon biten, yon twofe lagè, yon eritay kiltirèl epi lengwistik (J. M. Théodat, 2004 ⁴).

Epi, sou yon lòt bò, apati pwopozisyon enspirasyon Lekòl Endijenis (1927) la, literati ayisyen an pran fleri anpil tèks ki ekri an kreyòl tou, ozalantou ane 1950 yo. Sa vin kreye yon mouvman nouvo pou yon nouvo literati ayisyen.

⁴ Théodat, Jean-Marie. *Haïti, le français en héritage*, 2004, Mwen li sou : [<https://www.cairn.info/revue-hermes-la-revue-2004-3-page-308.htm>].

Dans la mesure où ce dernier rapport est en train de changer et que s’installe au sein de la communauté une nouvelle hiérarchisation des modes d’expression nous assisterons à une orientation nouvelle de la littérature haïtienne. (M. Laroche, 1981, p. 11)

Konsa, apati 1965, vin gen yon nouvo jenerasyon ekriven ayisyen, ki pito marye ak ideyoloji lengwistik epi literè kreyòl. Yo sèmante an [156] favè yon literati nasyonal kreyòl, an kreyòl ayisyen, pou yon pèp kreyòl. Laroche nan *Haïti et sa littérature*, 1963, konsidere Félix M. Leroy kòm lidè tandans lan, men prensipal reprezantan mouvman ideyolojik sila a, se sanba ki anndan Mouvmman kreyòl / Sosyete Koukouy (1965), ki deside « transfòm oraliti kreyòl la an literati kreyòl ». Objektif yo se tabli literati ayisyen an sou fondasyon kreyòl ayisyen an, Maximilien Laroche ta di lang ayisyen an. Konsa, yo kapitalize sou trezò orali kreyòl ayisyen an pou yo mete li osèvis pwodiksyon literati monn kreyolofòn yo.

Sipoze nou ta di, ideyoloji se sistèm lide ak panse yon gwoup moun asepte ki sèvi pou enfliyanse konpòtman yo, oswa dirije atitid yo. Nou ka ajoute, li sèvi tou pou li jistifye aksyon moun sa yo vizavi lòt moun. Sou baz definisyon anpirik sa a, lè nou obsève fonksyonman sosyete ayisyen an, nou ka wè fasilman ki sistèm ideyoloji ki motive ajisman klas sosyal, politik, ekonomik, epi kiltirèl oubyen entèlektyèl ayisyen yo. Nan Pierre André Guerrier (2008, p. 26 - 42)⁵ nou jwenn anpil detay sou trè karaktè klas sosyopolitik yo ki desinen, an Ayiti, de pwofil ideyoloji lengwistik epi literè opoze. Se yo tou ki detenn koulè yo nan domèn lizay lang yo ak nan tout espas kiltirèl, atistik literè yo. Se nan mitan batay ideyoloji lengwistik ansanm ak tout transfòmasyon literè sa yo pozisyon literatè Maximilien Laroche la pral pouse zèl, an 1963.

Maximilien pa yon literatè lelit dominan yo. Ni tou, li pa yon ekriven militan, ni yon aktivis literè. Sepandan, nan kontèks manifestasyon tandans konfliktiyèl literati ayisyen an, Maximilien Laroche chwazi

⁵ Pierre André Guerrier. Pour une Haïti moderne, 2008, mwen li sou : [https://books.google.ca/books?id=C8Tn0INoZ8wC&pg=PA47&dq=mouvement+folklorique+haiti&hl=fr&sa=X&ved=2ahUKEwiI4Pns6ejrAhUPmlkKHQGEANgQuwUwAXoECAAQBg#v=onepage&q=mouvement%20folklorique%20haiti&f=false].

modifye metodoloji li epi adapte tèks kritik li yo, pou li kore flerizman literati ayisyen an, nan lang ayisyen. Sètadi, avèk refleksyon kritik li yo, li patisipe nan awoze transfòmasyon oraliti kreyòl la anndan literati kreyòl ayisyen an, an kreyòl. Tande sa li di : « *Par la suite, j’ai continué à étudier personnellement les auteurs haïtiens, mais en leur appliquant les méthodes d’analyse auxquelles je m’initiais dans mes cours de lettres au Canada ou en France. Mon [157] objectif a toujours été d’adapter ces méthodes à la littérature haïtienne en tenant compte du contexte linguistique, culturel, social ou historique qui nous est propre.* ⁶ »

Kidonk, M. Laroche pa rete ensansib devan diglosi an Ayiti a, ni devan enjistis literè lelit ayisyen an ap fè oralti a ak tout literati nasyonal kreyòl la sibi a. Anplis travay li fè sou otè ayisyen ki ekri an fransè yo, Maximilien Laroche fè analiz kritik tèks ki ekri an kreyòl yo avèk lang kreyòl la tou. Ajoute sou sa, limenm tou, li pwodui pwòp tèks pa li an kreyòl ayisyen, yon fason pou li modèlize konviksyon li, kote oraliti kreyòl ap transfòme pou li tounen literati kreyòl. Li pibliye senk liv an ayisyen. Epitou, li pwodui divès tèks powetik kreyòl, li degrennen nan plizyè pami liv li ekri an kreyòl yo. Se yon angajman remakab. Nou pa jwenn parèy li lakay lòt kritik literè ayisyen yo, sitou lòt literatè ayisyen ki pito esplwate oralti kreyòl la pou yo ale anrichi literati frankofòn yo, ki sou lobedyans Lafrans. Bèl lomeyans pou lide w, bèl ochan pou konviksyon w ak angajman w ! **Savalouwe Maximilien Laroche !**

II. Fonksyon kiltirèl epi politik literati a nan zèv M. Laroche

Literati se yon espas ki bay yon endividi posibilite pou li devlope yon kapasite analiz pèsònèl ansanm ak yon vizyon sou monn lan. Li bay yon lektè zouti pou li konprann epi entèwoje anviwonman li ap viv la. Yon liv ede yon lektè konekte ak yon lòt fòm lavi, dekouvri yon vi ki ale plis an pwofondè pase sa li wè devan zye li. Se sa nou rele fonksyon kiltirèl literati !

Literati se yon zouti yon moun ka itilize pou li rive depase limit reyalite sosyopolitik la. Gras avèk literati, nou kapab dekouvri tout

⁶ « Maximilien Laroche, Critique et spécialiste en littérature comparée », *Le Nouvelliste*, op. cit., 27 juillet 2017.

konpleksite egzistans la ak reyalite sosyal lavi. Yon zèv literè ede yon lektè konnen reyalite ki echape li ak reyalite li ap viv la (Proust, 1927). Fonksyon literati pèmèt yon lektè konnen tèt li epitou konprann reyalite peyi li tou. Lè yon lektè debiske estil yon ekriven ak vizyon literatè a, sa pèmèt li dekouvri yon eksperyans alterite.

[158]

Kidonk, literati se yon mwayen pou pèmèt yon endividi depase limit eksperyans li ap viv pou li kapab ouvri sou divèsite sitiyasyon moun ap viv (Toursière et Vassière, 2001). Literati genyen plizyè fonksyon selon jan nou chwazi etidye li. Se sa ki fè lè nou ap pale de fonksyon literati, kesyon an vini konplèks epitou yo diskite li nan anpil deba nan sosyete pase yo ak chapèl literè pòsmodèn yo. Nan sans sa a, fonksyon literati a kapab manifeste sou plan sosyal, politik, estetik (bèl), ideyolojik ak kiltirèl. Nan pati sa a nou ap panche sou kesyon fonksyon literati ki devlope lakay Maximilien Laroche. Nou konstate genyen fonksyon kiltirèl la ak politik la ki plis vivan nan pwodiksyon kritik li.

1. Fonksyon kiltirèl literati

Nan pwodiksyon Maximilien Laroche, genyen yon fonksyon kiltirèl ki manifeste tankou mwayen konesans ak ouvèti sou lòt monn. Sètadi, jan kritik literè sa a travay, avèk metòd konparezon an, li pèmèt nou dekouvri dimansyon alterite ki travèse yon zèv literè. Kesyon alterite a se lòske literati pèmèt nou wè kouman yon seri moun wè lavi ak kouman yo ap viv. Maximilien Laroche se yon kritik ki travay anpil avèk eleman vodoun yo, sou imajinè epi panse vodoun. Kidonk, li fè anpil travay nan chan sa a, ki ede lektè li yo apresye pi byen divès konpòtman ak atitid Ayisyen yo ki parèt nan larèl lide ki nan filozofi ginen ayisyen an. Nan menm sans lan, M. Laroche pèmèt nou dekouvri lòt dimansyon nan zèv otè ayisyen tankou Jacques S. Alexis ak Jacques Roumain, nan jan li analize zèv yo. Li pran plezi pou li montre kouman yon gran zèv literè kreye lakay yon lektè yon espas bonè lakontantman, yon jwisans estetik, yon espas vwayajman, kote li kapab viv tansyon idantite ki ap travèse yon pèp (Toursel et Vassière, 2001), nan fason kreyatè sila a konprann monn lan. Fonksyon kiltirèl sa a prezan nan travay kritik Maximilien Laroche, sitou travay, kote li fè resòti dimansyon kiltirèl

vodoun ayisyen an nan zèk ekriven li etidye yo. Sa vle di, demach Maximilien Laroche la, sou plan lengwistik, pèmèt lektè ayisyen yo rantre nan matris kiltirèl ki travèse yo a pou yo ale dekouvri lòt nivo sans ki mache avèk aktivite kotidyen yo ta gen tandans banalize. (cf. Maximilien Laroche, *Prensip Marasa*, 2004.) Literati pou kritik literè sa a ranpli yon fonksyon ontolojik tou, kote li pèmèt lòm ayisyen an (fanm kou gason) afime idantite li anfas yon lòt kilti.

[159]

2. Fonksyon politik literati

Literati kreye yon espas vwayajman avèk politik. Sètadi chak ekriven ki ap kreye chwazi chan ak tèm li deside trete nan zèk literè li. Ekriven, ki mete politik nan zèk yo, rantre byen fon nan basen dlo angajman. Literati, ki se yon antrepriz didaktik, genyen kòm pretansyon ak anbisyon pou li refòme lanati imèn, pandan li ap konfwonte pwoblèm tan, lasosyete epi listwa. Menm kan yon zèk literè pa pote yon dimansyon politik, li kapab yon zèk angaje nan fason ekriven an ploge vizyon li sou sosyete a. Deplis, refize pran pati se rantre nan tan an ak nan konfli ki ap travèse epòk la. Kidonk, se yon fason ekriven an chwazi pou li pran pati. Silans yon ekriven chwazi, se yon fòm angajman ki limenm tou pote ideyoloji nan zèk la. Tankou Sartre (1945) di li, ekriven pa rete inosan sou sa ki ap travèse epòk li. Chak pawòl sonnen byen fò kon kout klewon. Chak silans tou genyen sans li. Ekriven an asime plen konsyans pwoblèm epòk li selon pwòp langaj li. Fason li itilize lang lan se fòm angajman li tou. Se sa Maximilien Laroche fè nan travay kritik li ak refleksyon sou lang kreyòl la anndan senk liv, li ekri an kreyòl yo. Li itilize lang kreyòl la pou li eksplòre tout dimansyon imajinè lang pèp la ak imaj lang lan pote ki ka travèse tan an. Epitou, li montre kouman lang nasyonal la se matris pèp la. Se la menm pou nou al sonde angajman Maximilien Laroche. Sa pèmèt nou dekouvri, kote politik literati, paske pale de lang se pale sou desizyon otorite yo ta dwe pran pou yo pèmèt ansèyman lang ak literati kreyòl la fèt kòm sadwa nan peyi a. Se la tou, Maximilien vini angaje li espesyalman lè li ap pale de lang nasyonal peyi a.

Nan plizyè zèv literè Maximilien Laroche analize, nou kapab wè tandans konparatis li. Travay kritik li ka parèt senp. Men, tankou yon « *Double scène de la réalité* », li pèmèt lektè yo vwayaje nan literati kritik li, ki chaje avèk sans pi pwofon pase sa nou konprann nou wè a. Li montre tou, literati dwe mete li nan sèvis moun ki ap sibi konsekans grav Listwa (cf. *Se nan chimen jennen yo fè lagè*, 2007). Literati ayisyen pa dwe bliye silans pèp la, epitou li se yon vektè pou li fè resòti tout soufrans yon pèp. Tout ekriyen konsekans pote de chay ki genyen anpil sans ki fè grandè metye li : rekreye reyalyte li ap viv la pou fè wè yon fòm verite, epitou chwazi chimen libète. Nan sans sa a, Calvino wè literati a genyen kòm fonksyon pou li bay moun ki pa genyen dwa pawòl lapawòl. Maximilien Laroche analize Jacques Roumain ki bay yon seri pesonaj dwa lapawòl. Nou vin konprann literati a kapab charye [160] yon seri modèl ak valè ki chita sou kesyon bèlte ak etik (Calvino, 1984).

Pou nou rezime, literati genyen plizyè fonksyon. Men, nan pwodiksyon kritik Maximilien Laroche, se fonksyon kiltirèl ak fonksyon politik ki plis prezan. Chak ekriyen pote yon refleksyon sou tan li ap viv la, sou sosyete li, epitou li jwe yon wòl enpòtan nan espas piblik la. Chak zèv yo rekonstui yon fòm lavi politik. Nan travay Maximilien, kòm kritik inivèsitè, li chwazi analize yon seri ekriyen, tankou Jacques Roumain, Félix Morisseau-Leroy ak Jacques S. Alexis, kote politik jwe yon tansyon nan zèv yo. Maximilien Laroche itilize nosyon siy pou li analize zèv ekriyen li travay sou yo. Li analize sans mo yo avèk metòd tematik la nan travay li. Kidonk, Maximilien Laroche se semyotisyen epi anmmenm tan li se semantisyen. Alòs, domèn sa yo prezan nan tout pwodiksyon kritik Maximilien Laroche. Nan tout travay kritik literè li yo, yon lektè ap benefisye jwisans tèks anpil ekriyen li analize yo. Epitou, lektè a ap jwenn zèl pou li vwayaje nan espas literè a pandan li ap rebati imajinè li avèk langaj Maximilien al detere nan fondas kiltirèl pèp la.

III. Angajman Maximilien Laroche

« Maintenant que nous voilà arrivés au terme de notre tour d’horizon, il me vient à l’esprit cette question : Quelle orientation prendront les lettres haïtiennes dans les jours à venir ? [...] Si ce n’est pas la seule, le créole est quand même l’une des voies les plus sûres de la nouvelle littérature haïtienne. C’est ma conviction. » (Maximilien Laroche, *Haïti et sa littérature*, 1963, p. 84)

Chak ekriyen konsekan ak tèt li. Se yon konbatan sou chimen ekriti. Li chwazi montre kouman li kapab defann literati li nan chwa mo li ak nan vizyon li genyen sou sosyete, kote li ap viv la. Se sa ki fè literati vini tankou yon teritwa kote li pèmèt ekriyen an montre angajman li ak wòl li nan sosyete a. Yon kritik ki enskri panse li nan teyori maksis la deja montre nan ki kan li pozisyone tèt li. Angajman an kapab parèt nan chwa teyorik moun nan tankou nan metòd li chwazi pou li kritike zèv yo. Se sa M. Laroche fè nan entegre lang ak kilti kreyòl nan metòd konparatis la. Men tou, angajman an kapab travèse estil li. Tout sa mande pou nou ta wè nan ki kouran panse literè ak [161] ideyolojik Maximilien Laroche kanpe pou li travay lide li yo sou literati ayisyen an.

Angajman Maximilien Laroche pou avansman lang ansanm ak literati kreyòl la parèt sou de nivo : entèvansyon kominotè li yo epi pwodiksyon literè li yo. Yonn pa pi enpòtan pase lòt, men se yo tou de ansanm ki pèmèt nou konstate pwofondè angajman M. Laroche pou li sèvi peyi li, Okap ak Ayiti. Epitou, pou li konkretize rèv li nan avènman nouvo literati ayisyen ki ap flerize sou teritwa Ayiti a.

1. Angajman kominotè : rèv pou rebati Ayiti

Maximilien, pwofesè Université Laval, pa te senpman mete savwa li nan fè rechèch nan domèn literati konpare. Ni tou, li pa te rete sèlman nan pibliye travay literatè li yo nan revyi syantifik literè ki ap fouye pwofondè panse ewosantris sou literati ki parèt aprè peryòd kolonyal yo. Li te toujou mete li disponib, pou li te fè entèvansyon piblik nan akonpaye òganizasyon kominotè, ki genyen vokasyon literè. Konsa,

nou rankontre li plizyè fwa Monreyal, kote li te prezante divès konferans.

Toudabò, nan Sant N A Rive de Montréal, *rue St Denis*, kote li te prezante : « Kont chante, kont pale, kont pou dan ri », yon premye fwa anvan li te publiye li nan *Teke* (2000). Nan moman an, li te kòtakòt avèk Liliane Devieux Dehoux, ki te yon chèchè nan *Université de Montréal*. Kèk ane pi ta, nou vin kontre M. Laroche plizyè fwa nan *Salle de réception, rue Sherbrooke* la, nan Monreyal toujou. Li te fè konferans sa yo pou epi an kolaborasyon avèk *Fondation des anciens et anciennes du Collège Notre-Dame du Perpétuel Secours* (FACONODAPS). Se yomenm ki pral parèt nan liv ki rele *Hier : analphabètes, aujourd’hui : autodidactes, demain : lettrés* (1996). Nan finisman ane 1990 yo, li te prezante plizyè konferans pou gwoup literè : Sosyete Koukouy Kanada. Nan okazyon sa yo, li te toujou pote kontribisyon literè li pou gwoup la san mande lajan. Yonn pami prezantasyon sa yo te fèt nan La Maison d’Haïti (*Bld. Saint-Michel*), kote M. Laroche te prezante : « Lamòd pase, bèlte rete ». Se yonn nan tèks ki rantre nan konpozisyon esè ki rele : *Se nan chimen jennen yo fè lagè* (2007).

Epi, nan lòt okazyon M. Laroche retounen Ayiti an jen 2007 epi an me 2017. Nan moman sa yo, li fè plizyè prezantasyon devan anpil [162] etidyan ki te byen apresye demach kritik li ak lide li te devlope yo, selon temwayaj pwofesè Hérold Toussaint, nan *Université d’Etat d’Haïti (UEH)*. Pi plis toujou, san grate tèt, M. Laroche te toujou kolabore nan Bilten Koukouy Monreyal, nan Revi Literè Sosyete Koukouy la, epi nan Ti Gout Pa Ti Gout (Jan Mapou), paj kreyòl nan Haïti En Marche la. Kidonk, lè Maximilien Laroche ap pale de devlopman, se pa te pawòl nan bouch sèlman. Se te aksyon, pasyon epi lanmou li te genyen nan kè li pou Ayisyen ak divès espas, kote Ayisyen yo te ape evolye, ki te ape vibre anndan li. Bravo ! Maximilien ! Savalouwe ! Maximilien.

2. Angajman literè : rèv pou rebati literati ayisyen an

Nan pwodiksyon literè an fransè li yo, Maximilien Laroche te kòmanse rantre kreyòl la nan analiz literè li yo an soudin, depi nan *Haiti et sa littérature* (1963). Kontrèman ak sèten kritik literè tankou Duraciné Vaval, Pradel Pompilus, Maurice Lubin, Ghislain Gouraige, Max Dominique (ak lòt otè kritik ki nan Berrou et Pompilus, tòm III, 1977), li te prezante yon chapit *Panorama de la littérature haïtienne*, kote li te pale sou de tèks kreyòl : Choucounè (O. Durand), Dyakout (M. Leroy). Se te yon premye wòch nan literati kritik ayisyen an. [Nan moman an, li pa te analize okenn lòt sanba kreyòl.]

Anndan liv ki rele *Portrait de l'Haïtien* (1968), Maximilien titre yon chapit *Panorama de la littérature créole*. Chanjman sa a, se yon lòt etap nan refleksyon literatè a an favè yon literati ayisyen an lang ayisyen. Se yon premye poto nan bati peristil literè ayisyen an. Apre prezantasyon Panomara sa a, nan pelerinay Maximilien pou li jouke lang kreyòl Ayiti a wotè idantite nou, li chwazi rele kreyòl Ayiti a ayisyen. (*La littérature haïtienne : identité-langue-réalité*, 1981, p. 107). Nan ane 1970 yo, literatè kou Berrou ak Pompilus (1977) pa te vrèman ekri okenn enfòmasyon sou zèv ki te ape sikile an kreyòl yo. Maximilien te premye kritik literè ki te rasanble travay sila yo. Rezon an, se paske Maximilien te deja remake, se zèv ki ekri an kreyòl yo ki pral pwojete reyalyte lavi ayisyen an pou tout Ayisyen toupatou nan peyi a.

C'est cette littérature qui branchera le plus directement notre sensibilité sur celle du peuple, et emportera le mieux notre imagination vers ces rivages enchantés dont nous gardons [163] tous, depuis notre enfance, un souvenir émerveillé. (1968, p. 84)

Nan ane 1978, Maximilien Laroche ekri *L'image comme écho*. Nan liv sa a, menm si li pa te rapousuiv travay panorama, li te kòmanse nan ane 1968 la, li te rete konekte ak wòl lang kreyòl ta dwe jwe nan devlopman literati Ayiti a. Se nan moman sa a tou, li te pwoteste kont doktè Jean Price-Mars ki te pwopoze pou lang kreyòl la sèvi kòm machpye pou Ayisyen yo travèse nan lang franse a pi vit. Lide sa a, Jean Price-Mars te parèt avèk li nan liv li a ki rele *De Saint-Domingue à Haïti* paj 113. Nan seksyon entwodiksyon *L'image comme écho* a

Maximilien te montre li te an dezakò avèk lide Price-Mars la. Daprè Maximilien, doktè a te byen dyagnostike maladi kiltirèl lelit ayisyen an ki se yon « *bovarysme collectif* » sepandan, li pa te chwazi bon medikaman an pou li te geri maladi a.

Si le salut de la littérature haïtienne est dans la création d’une masse de consommateurs de textes écrits en français [...], le moins qu’on puisse dire, c’est que nous ne sommes pas près de nous guérir de notre bovarysme collectif. (1978, p. 12)

Aksyon Maximilien pou li devlope literati kreyòl ayisyen an, an ayisyen

Esè kritik Maximilien yo

Pandan vwayaj Maximilien fè Ayiti an 1996 la, kontak li avèk gwoup jèn etidyan yo te plase li nan menm pozisyon ak Morisseau Leroy. Ane a pa te ko fini, li kase yon koub sèk, li retounen lakay pou li patisipe nan rebati Ayiti avèk literati ayisyen an. Pozisyon M. Laroche te pran pou literati ayisyen an ekri nan lang nasyonal peyi a, li rele ayisyen, te vin chofo pi rèd. (cf. Laroche 1996). Epi, kat lane aprè, Maximilien manche labanyè batay ideyolojik li, espesyalman nan kategori Esè yo, avèk *Teke* (2000).

Depi nan premye paj liv la, li konnen li te nan goumen. Se poutèt sa li kòmanse avèk 2 sitasyon ki genyen tout sans yo : « *Writing is fighting* » (Ishmael Reed) epi « *Le poète comme un boxeur* » (Kateb Yacine). Se tankou li te vle di : Teke mwen. Men, olye pou yo teke li, [164] se limenm ki teke yo an premye. Selon pawòl ki parèt nan do liv la, li chwazi ogmante zèv nan kategori Esè yo, paske pa genyen anpil an kreyòl. Deplis, pou li agimante analiz kritik li yo, li site ni tèks an kreyòl, ni tèks an Fransè, sou menm plan, egal ego. Konsa, zèv esè Maximilien Laroche yo ap sèvi kòm materyèl pou ede literati kreyòl la jwenn plas li nan ansèyman eskolè an Ayiti.

Avèk *Teke* (2000), Maximilien inove sou 2 pwen. Premyèman, li sèvi ak yon metòd konparatis nan kritik li yo, epi li asosye yo ak yon powetik kreyòl ki chapante ak lizay pwovèb. Pwovèb yo vin tankou siy,

yo vin kòm makè siyalizasyon nan devlopman yon panse kreyòl. Li simaye yo nan tout chemen panse a pou li reyalize yon montaj literè. Dezyèmman, kontni an nouvo, nan sans yon Esè estil bawòk, (yon liv total) ki gen tèks kritik, ki gen analiz powèm ak chante, epi ki gen pwodiksyon pèsònèl otè a (pwezi, ti istwa, elatriye).

Kit ou pran esè kou : *Teke* (2000), *Prensip marasa* (2004), *Se nan chemen jennen yo fè lagè* (2007), *Nan kafou espas tan* (2013), *Lang manman nou* (2020), yo gen menm chapant lizay pwovèb yo. Maximilien modèlize pou nou, yon fezas powetik ak fondas pwovèb, se pwopozisyon pa li pou ankouraje nou monte yon literati ayisyen, an ayisyen. Maximilien montre aklè trezò ki genyen nan oraliti ayisyen an se pou richès literati kreyòl la. Se sa ki fè, li ekri : « Menm jan pwovèb yo te fè n pale a, y a fè n ekri. Se sa m rele soti nan kolaj pou rantre nan montaj. » (2000, p. 17)

Pwezi Maximilien :

Tann tan, Pawòl degrennen, Lè ak tan, Lang manman nou

Maximilien pwopoze yon apwòch teyorik pou pwodiksyon literè nan lang kreyòl la, li rele ayisyen. Daprè Maximilien Laroche, « powetik lang kreyòl la se vire ni mo ni règleman tèt anba, mete yo jan nou pito, anpi fè yo woule atout boulin. ...Gen pwovèb ki gaye nan tout lang lan tankou limyè sikilasyon nan bout kwen pou fè n vire tounen nan bon chemen. » (2000, p 13)

Apwòch travay Maximilien Laroche se pawòl plis aksyon. Konsa, tanzantan, sanzatan, li soupoudre liv esè kreyòl yo avèk powèm. Nou konte yon douzèn powèm, kote li aplike prensip teyorik, li pwopoze pou pwezi kreyòl la. Nan *Teke*, 2000, pami pwezi sa yo, gen yonn ki [165] rele « Tann Tan » li dedye li pou madanm li : Du Xin.

Sou plan fòmèl, se yon seri tèks kout tankou pwovèb nou yo. Anpil ladan yo chapante avèk dikton ki nan oraliti a epi yo gen yon dimansyon filozofik. Yo gen yon fòm langay daki pou yo esprime yon panse anwoule, nou jwenn nan kont yo, nan pwovèb yo, nan pawoli yo, elatriye. Sou plan tematik, yo abòde divès tèm tankou tan, lavi, lanati, mizik, elatriye. Trètman tematik M. Laroche toujou mache avèk yon refleksyon sosyopolitik oubyen filozofik, tankou pawòl granmoun.

Tèks powetik yo sanble tèt koupe ak fòm pwezi ki rele Wongòl, ekriven gwoup literè Sosyete Koukouy yo itilize nan travay yo. (cf. Pawòl Kreyòl : Revi Literè Sosyete Koukouy, 2013). Sepandan, li enpòtan pou nou konsidere valè senbolik powèm Maximilien yo.

Powèm M. Laroche yo se langay li mezire nan awozwa pou li wouze semans panse li nan literati ki ap grandi nan lang nasyonal Ayiti a. Pawòl li yo se zaviwon nan mitan fantezi mo ki gen pouvwa goudiye panse lektè yo ak siy lespwa chanjman yo sou wout. Konsa, li ekri :

M t ap ri, lè m pa t sèl.
Lapli nan kè m pa t rèl
Limyè t ap kouri, lari t ap ri.
(« Lapli nan Tann Tan », nan *Teke*, 2000, p. 98)

Konklizyon

Aprè Maximilien Laroche fin demontre konviksyon li aklè parapò ak lavni literati Ayiti epi lang kreyòl la, nan ane 1963, li te parèt ak premye panorama literati nan lang kreyòl la, anndan *L’Haïtien* (1968). Se depi lè sa a tou, li te kòmanse kare zèpòl li pou li leve defi okenn nan literatè ayisyen anvan li yo pa te janm konsidere. Nan ane 1981, Maximilien Laroche te franchi yon lòt etap. Li te rele literati ki ekri nan lang kreyòl ayisyen an, literati an ayisyen. Kidonk, nan lespri Maximilien, non lang ki pale sou tè Ayiti a se marasa avèk nasyonalite pèp ki ap viv nan pòsyon zile a ki rele Ayiti a. Depi lè sa a, jouk li rive nan finisman karyè li, li pa te janm sispann analize zèv plizyè otè kreyòl an kreyòl. Pafwa tou, li rantre analiz zèv otè sila yo nan travay li fè an franse. Nou dwe siyale, li pa te janm retounen avèk apwòch panorama li te louvri nan ane 1968 la. Mèzalò, li te kontinye apwofondi oralti peyi Ayiti a nan divès branch li yo nan tout travay kritik li yo. Sa te vin [166] tounen yon veritab min lò, yon ja, kote li te rantre pran ak grandilokans, pou li te anbeli travay rechèch li yo nan literati konpare kou nan literati Ayiti a nan de lang ofisyèl peyi a.

Nou dwe admèt tou, menm si Maximilien Laroche pa te kontinye apwòch istorik li te antame sou literati Ayiti a, rive nan ane 2000, li te ban nou *Teke*. Se la, li te tabli premye baz teyorik an kreyòl pou li te

kanpe literati an ayisyen an sou de vityelo li. Pi plis toujou, se teyori sa a, li aplike anndan divès esè an kreyòl li yo, ki pibliye nan GRELCA, Collection « *Essais* » *hors-série*. Se yon fason pou sila yo, ki vle suiv, konnen nan ki direksyon pou yo abòde estetik literati Ayiti a, jouke li byen wo, pi wo, pi plis, chak jou ki jou. Se nan renouvle pwòp tèt nou, nou pral rive tabli kondisyon pou rèv nou yo kite chemen papye epi rantre nan lye verite reyalite lavi. Kalite chanjman kon sa mande fòs kouraj devouman epi konstans. Se wout sa a menm, ekriyen gwoup literè Sosyete Koukouy yo te deja anklannche epitou eksperyans Maximilien Laroche yo vin miltipliye fòs yo ki kontinye ap fè repondong anndan Revi Literè Sosyete Koukouy.

Pou tout travay sa yo Maximilien Laroche akonpli pou avansman literati kreyòl Ayiti a, nou ap pwopoze pou Akademi kreyòl Ayisyen ta rann Maximilien Laroche yon omaj piblik epi kreye yon Pri, ki pote non Maximilien Laroche, nan domèn Kritik literè an kreyòl.

Referans bibliyografik

Calvino, I. (1984). *La machine littérature*, Paris, Éditions du Seuil, p. 81-83.

Proust, M. (1927). *Le Temps retrouvé*, Paris, Éditions Gallimard, coll. « Bibliothèque de la Pléiade », vol. 3, p. 894-895.

Todorov, T. (2007). *La littérature en péril*, Paris, Éditions Gallimard, p. 34-36.

Tournier, M. (1977). *Le Vent Paraquet*, Paris, Éditions Gallimard, coll. « Folio Essais », p. 191-193.

[263]

D’Haïti aux trois Amériques.
Hommage à Maximilien Laroche

NOTICES BIOGRAPHIQUES DES COLLABORATEURS ET COLLABORATRICES

(dans l’ordre alphabétique)

Michel-Ange Hyppolite (Kaptenn Koukouwouj) est détenteur d’une maîtrise de l’Université d’Ottawa. Il est un professeur de sciences à la retraite. Il a publié plusieurs recueils de poèmes en créole, le premier roman épistolaire en créole et un essai en créole sur l’histoire de la poésie créole d’Haïti. Il est membre de l’*Akademi Kreyòl Ayisyen* (AKA) et du groupe littéraire *Sosyete Koukouy*, section de Montréal.

Jean-Robert Duré Placide est diplômé de l’UQAM. Il est professeur de français et de créole à Montréal. Ses travaux de recherche portent sur la présence de certaines langues africaines dans le créole haïtien. Il est membre du groupe littéraire *Sosyete Koukouy*, section de Montréal. Ses travaux sont publiés sur *Potomitan* info, l’*Hebdomadaire Haïti En Marche* et *Pawòl Kreyòl: Revi Literè Sosyete Koukouy*.

[265]

Jobnel Pierre est doctorant en sémiologie. Il est détenteur d’une maîtrise de l’UQAM. Il était responsable de la section culturelle du quotidien haïtien *Le Nouvelliste*. Il est professeur de français à Montréal et est aussi membre du groupe littéraire *Sosyete Koukouy*, section de Montréal. Il a produit plusieurs essais qui sont inédits.